




LIGUE BURUNDAISE DES DROITS DE L'HOMME " ITEKA "

BULLETIN HEBDOMADAIRE

"Iteka n'Ijambo"

N°538 Co kuva kuwa 03-09 Myandagaro 2026

Ryemejwe n'itegeka nshikiranganji numero 530/0273 yo kuwa 10 Munyonyo 1994, risubiramwo itegeko n°550/029 ryo kuwa 6 Ruhuhuma1991



Mukwibuka umupfasoni Mariya Korodeta Kwizera, umunyabigega w'ishirahamwe Iteka , yabuzwe irengero kuwa 10 Kigarama 2015. Kuwa Kigarama 2015 gushika kuwa 09Myandagaro 2026, abantu bashika 876 babuzwe irengero niba ishahamwe Iteka ryamenyeshejwe, ni imiburiburi 87 barasubiye kuboneka abandi 789 ntibigeze basubira kuboneka. Umugwi w'igikorwa c'ishirahamwe ry'ibihugu vyunze ubumwe ku kuburwa irengero waramaze kumenyesha Reta y'uBurundi n'imiburiburi abashika 252 babuzwe irengero¹.

Umuhari ITEKA :


- ♦ « Ni umunywany w'ishirahamwe mpuzabihugu ryo muri Afrika vyegwa n'agateka ka zina muntu,ni umunywany akorana n'urunani mpuzamakungu rw'amashirahamwe aharanira agateka ka zina muntu (FIDH),
- ♦ Rifise akaranga ko kwihweza imbere y'umurwi wa Afrika uharanira agateka ka zina muntu kuri numero ivyerekana OBS.236 kandi ni umunywany wa ECOSOC ».
- ♦ Umuhari teka ugizwe n'inani mpuzamashirahamwe 17 hamwe n'ibisata 32 .

IBIRIMWO

0.INTANGAMARARA.....	5
I.UMWIHWEZO.....	5
II.UBURENGANZIRA BW'ABANTU NO MURI POLITIKE.....	10
III.UGUSOZERA N'IBISABWA.....	13

IKARATA Y'INTWARO MU BURUNDI

INDINGANIZO NSHASHA Y'INTWARO KUVA KUWA 16 NTVARANTE 2023



APDR : Urunani ruharanira amahoro,demokarasi n’ugusubiza hamwe

CNDD-FDD : *Inama y’abanyagihugu iharanira intwaro rusangi-urunanirukingira intwaro rusangi*

CNL : *Ihuriro ry’abanyagihugu baharanira ukwishira no kwizana*

DGAP : Ubuyobozi bukuru bw’ibikorwa vy’ubutungane

M23 : *Umuhari wo kuwa 23 Ntwarante*

OBR : *Ikigo kijejwe amakori mu Burundi*

OPJ : *Inyamiramabi*

RDC : République Démocratique du Congo

FDLR : Urunani rwo kurwanirara no kubohoza u Rwanda

FDN : Igisirikare c’igihugu c’u Burundi

RN : Ibarabara ry’igihugu

UPRONA : *Urunani ruharanira iterambere mu Gihugu*

SNR : **Igendereza ry’igihugu**

VBG : Amabi afatiye ku gitsina

0. INTANGAMARARA.....	5
I. UMWIIHWEZO.....	5
I.1. UMWIIHWEZO WA PORITIKE.....	5
I.2. UMWIIHWEZO W'UBUTUNGANE	6
I.3. UMWIIHWEZO W'UMUTEKANO	8
I.4. UMWIIHWEZO W'INTWARO	9
II. UBURENGANZIRA BW'ABANTU NO MURI PORITIKE.....	10
II.1. UBURENGANZIRA KU BUZIMA	10
II.1.1. UBWICANYI BUTEGUYE.....	10
II.1.1.1. ABANTU BISHWE N'ABATARAMENYEKANA.....	10
II.1.1.2. IBIZIGA VYATOWE.....	10
II.1.1.3. ABANTU BISHWE KUBERA IHORIHORI.....	13
II.2. UBURENGANZIRA BW'UKUDAHOTERWA.....	13
II.2.1. AMABI YO MU MAZU AFATIYE KU GITSINA.....	13
III. UGUSOZERA N'IBIRIMWO.....	13

0. INTANGAMARARA

Iki cegeranyo cerekana inyifato y'agateka ka zina muntu mu Burundi mu ndwi yo kuwa 03 Myandagaro gushika 09 Myandagaro 2026. Muri iki cegeranyo, umuhari Iteka kirihweza kandi nk' ivya politike, ubutungane, umutekano n'intwaro. Kiranasuzuma kandi ibintu biserura amabi abubuza uburenganzira bw'abantu no muri politike.

Amabi y'ihohoterwa ry'ihonyangwa ry'agateka ka zina muntu hamwe n'ihungabana ry'umutekano vyabonetse kandi vyatohojwe n'umuhari iteka bimeze ugukwirikira muri kino kiringo: n'imiburiburi abantu 12 barishwe harimwo 8 batowe ibiziga hamwe n'umwe yakorewe amabi afatiye ku gitsina.

Mu bakorewe amabi harimwo abagore 2 bishwe harimwo uwishwe n'umugabo wiwe.

Imbonerakure z'umugambwe uri ku butegetsi CNDD-FDD, abakozi b'iperereza, nibo ahanini bagirizwa nk'abikekwako iryo honyangwa ry'agateka ka zina muntu.

Kandi abaporisi hamwe n'abatware barerekanywe nk'abifatanya mu mabi.

1. UMWIHWEZO

1.1. UMWIHWEZO WA PORITIKE

Ikoraniro kaminuza ry'umugambwe UPRONA n'itorwa rya ABEL GASHATSI nk'uwuhiganirwa ikibanza c'umukuru w'igihugu muri 2027

Ku musi wa gatandatu 9 Myandagaro 2026, UPRONA yaragize ikoraniro kaminuza mu ngoro y'umugambwe ku rwego rw'igihugu. Ku Mugumya, ikoraniro, naho ryafatiwemo ingingo zikomeye, ryageragejwe n'uruhagarara ruboneka. Iryo koraniro ryatowemo Olivier Nkurunziza nk'umukuru w'umugambwe kandi ryongera rigamwemo Abel Gashatsi nk'uwitoyeza ikibanza c'umukuru w'igihugu muri 2027.

Igikorwa, n'aho ryitabwe nibihanganye nk'icegera c'umukuru w'igihugu, Prosper Bazombanza, akaba n'umukuru w'inama nkuru y'umugambwe, hamwe n'intumwa y'umushikiranganji w'intwaro yo hagati mu gihugu, ryarabayemo indyane. Mu bisanzwe, Stany Iranyibutse, icegera c'umukuru w'umugambwe mu ntara ya Bujumbura, na Serges Njebarikanuye, aramutswa umugambwe mu ntara ya Buhumuza, barirukanywe munzu y'amanama. Ubuyobozi bw'umugambwe bwari dogeye "inyifato iteye kubiri n'intumbaro y'umugambwe". Hakiri mu gatondo, umushingantahe Njebarikanuye yari yatangaje ko ahagaritse umushingantahe Nkurunziza.

Kuri uko kwirukanwa, umuhari Iteka waraseruye amakenga, wibutsa ko ukudahuza muri poritike vyose vyotegerejwe kwishurwa hubahirijwe uburenganzira bw'ugushikiriza ivyiyumviro n'ukwiyunga, uburenganzira shingiro butangwa nibwirizwa shingiro ry'Uburundi hamwe n'amategeko y'akarere.

Ikibazo c'ukwirukanwa mu mugambwe gutyo giteye amakenga ku ntambwe ya demokarasi mu mugambwe.

Abel Gashatsi, yabaye icegera ca kabiri c'umukuru w'inama nshingamateka kuva muri 2020 - 2025 akanarongora umugambwe UPRONA muri 2016 - 2021, ubu ari ku rutonde rw'abazokwitoza muri 2027. Yiyongereye ku bandi bitoza bamaze kuvugwa, nka Évariste Ndayishimiye wa CNDD-FDD na Gabriel Banzawitonde wa APDR. Hasigaye amezi 9 gusa ngo amatora abe, uko kugenwa vyerekana ko ahawe uruhusha rwo kwiyamamaza.

Ibikorwa rusangi vyahinduwe inama za poritike z'umugambwe CNDD-FDD mu ntara ya Buhumuza

Mundwi yo kuwa 3 - 9 Myandagaro, urukwirikirane rw'ibikorwa vya poritike mu ntara ya Buhumuza rurerekana imikenyuro y'amatora yimirije. CNDD-FDD, umugambwe uri ku butegetsi, wari wagise akigoro ko gutegura amanama mu ma zone yose y'iyi ntara, ukebura mu makomine nka Butaganzwa, Ruyigi, Cankuzo, Gisagara na Gisuru. Ni muri komine ya Gisagara, neza na neza muri zone ya Cendajuru, umushingantahe BIZIMANA George, atwara zone, yaruguruye inama ikomeye. Intumbaro yiwe yari

itomoye: guhimiriza abanywanyi ku matora yo muri 2027. Mu kugira yitaze, yategetse uwutwara umutumba kugira igitabo c'abanywanyi b'umugambwe, igikorwa cidogewe ku ruhande rw'abo batavugaga rumwe. Abo babibonamwo ukugerageza gutera ubwoba, bigamije kwerekana ubudasa hagati y'abanywanyi bemewe hamwe n'abo bafata nk'abasi.

Urwaruka rwa CNDD-FDD, bafise ishaka ridasanzwe, narwo nyene rwarasemereye bavuga iturubika ry'iyindi migambwe.

1.1. UMWIHWEZO WA PORITIKE (Ibikurikira urupapuro 5)

Bashimangira ko umuntu wese atari umu CNDD-FDD yari umwansi w'igihugu, amajambo yabo yavuga nk'ivya kera mu myigaragamvyo yo muri 2015, hamwe n'ivyagiriji vy'uguhirika ubutegets. Muri icyo cuka, abanywanyi b'imigambwe itavugaga rumwe na Reta bari bashizwe ko iryo yandikwa ry'abanywanyi kari akaryo ko kubatyoza no kubacunga.

Mu ntumbero yo guhimiriza nyene, iyindi nama yarabaye i Gisagara kuwa 6 Myandagaro 2026, yateguriwe urwaruka rw' Imbonerakure. Iyo nama yari ifise intumbero yo kumenyereza urwo rwaruka intumbero ya CNDD-FDD hamwe n'ivyipfuzo vyayo. Kubwo ivyo yise ibanga muri icyo nama, uwutwara umugambwe muri komine yarashimitse ko ari nkenerwa guzigama ubutegets baronse vyanka vyakunda, ashikiriza: « Umugambwe wavuye kure, amaraso menshi yarasesetse kugira turonke demokarasi, nico gituma tubwirizwa gukingira ubutegets dufise uno musi. » Hari ivyihutirwa kandi no kuba maso, nkuko kahise kabishe kibutsa ivyakozwe mu ntumbero yo kwanka gusubira gusubiramwo amakosa yabaye.

Vyongeye, ku mutumba wa Kagama, inyuma y'ibikorwa rusangi vyo kuwa 8 Myandagaro,

uwurongoyeho umugambwe ntiyahengeshanije kwibutsa abanyagihugu akamaro ko kwitegurira amatora yo muri 2027. Kubwo ibivugwa vyaranguwe n'umukuru w'igihugu mu minsi ya hera, yashije imbere inzira bacyemwo, ivyo abo batavugaga rumwe bise ko ari ukwiyamamaza kweruye.

Mu Ruyigi, ibikorwa nk'ivyo muri poritike vyarakozwe. Mu mpera y'indwi, kuwa 8 Myandagaro, ku murwa mukuru wa komine harakiriwe indongozi z'umugambwe uri ku butegets, harimwo abaserukiye abandi hamwe n'abanyacubahiro bbakomeye bo mu mugambwe CNDD-FDD. Cyriaque NSHIMIRIMANA, icegera c'umunyamabanga mukuru, yazanye ukwirata muri icyo nama yerekeye kazoza. Urutonde rw'ivyigwa ntabanduka: Kunagura inzego z'umugambwe mu ntumbero y'amatora y'umukuru w'igihugu yo muri 2027. Uwo munsu, NIYONZIMA Sylvestre yaratoze mu mbabanga yokurongora umugambwe ku rwego rwa komine, asubirira NKUNZIMANA Fiacre, kenshi yanegurwa ko ahonyanga agateka ka zina muntu. Ku rundi ruhande, MINANI Pascal yatowe nk'icegera c'umurongozi, asubirire BWORD Léopold, poritiki y'igihugu ihari, harimwo icizere kivanze n'amakenga, bigatuma haba inkuru y'urudaca imbere y'amatora yimirije.

1.2. UMWIHWEZO W'UBUTUNGANE

Abantu 2 bandandaza abana baciriwe urubanza, ikimenyetso gikomeye c'ubutungane mu ntara ya Burunga

Sentare nkuru ya Rutana yaracyiye, kuwa kane igenekerezo rya 6 Myandagaro, urubanza rwa Jean Marie NDAYIKEZA, agendesha ipikipiki, na Emile NIHORIMBERE, ibakatira umunyorororo w'imyaka 5 hamwe n'ihadabu ry'amahera angana 250 000 fbu kuri umwe umwe rijanye n'icaha co kudandaza abantu. Hakurikijwe ivyo ubushikiranganji bubagiriza, abantu babiri baragirirwe n'icaha co gufasha kurungika abana 2 bakiri bato, abo bana nabo

ni Onésime NYISHUYIMANA (imyaka 13) na Carmel ITANGIVYIZA (imyaka 14), bava muri Tangara, iri muntara ya Butanyerera. Abana bahagaritswe kw'ibarabara rya Gitega-Rutana mu gihe bariko bagana muri Tanzanie, aho boba bari bajanywe mu mpisho.

Iyo ngingo y'ubutungane irerekana ko intara ya Rutana ibandanya iboneka nk'imwe mu

1.2. UMWIIHWEZO W'UBUTUNGANE (Ibikurikira urupapuro 6)

nzira nyamukuru icamwo uruhererekane rw'abana bajanwa mu bihugu duhana imbibe. Naho urwo rubanza rwoboneka nko guha inkebuzo ku badandaza abana,rurashira kandi

ku mugaragaro igarukagaruka ry' urwo rudaandazwa ,kandi ivyo biba,naho hari utwigoro twogukinga urwo rudandazwa twakozwe.

Umukukuruke wo mu gisirikare yarungitswe mu gasho ka Murembwe muri komine Rumonge, naho amagara yiwe atifashe neza

Hari kuwa 6 Myandagaro 2026, igihe Joseph Niyongabo, uwahoze ari umusirikare ava ku mutumba Murenge muri zone Rusabagi ya komine ya Rumonge, yungururijwe mw'ibohero rya Murembwe. Kuva kuwa 31 Mukakaro,yari acunzwe n'umuporisi ku bitaro vya Rumonge, inyuma yo kurungikwa mu gasho ka komisariya y'igiporisi mu ntara ya Rumonge. Umuryango wiwe,ufise amakenga,baratabaza kubera ifungwa ryiwe ryunyura amagara yiwe.

Abaganga bo ku bitaro bari babonye ko badashoboye kumuha ubuvuzi bwankenerwa hanyuma bategeka kumurungika mu bitaro bikomakomeye.

Naho hari ivyo vyasabwe na muganga,parake yafashe ingingo yo kumurungika mw'ibohero rikuru rya Murembwe. Abegereye Joseph,bakuze, basavy eubudahengeshanya ngo arungikwe mu bitaro bifise ubushobozi,bizera ko ashobora kuronka ubuvuzi bubereye. Iryo bintu bikomeye vyarashikirijwe umuyobozi w'igiporisi mu Rumonge,yasiguriye umuryango ko uruhusha rw'umuyobozi mukuru w'ubucamanza (DGAP) rutabonetse kugira bamrungike kwivuza.

Joseph Niyongabo yariko akurikiranwa ku kugerageza kwica,ibintu vyabaye kuwa 22 Mukakaro 2026. Uwo munsu,igihe yararagiye ubusho bwiwe,yasomborokejwe n'umubanyi. Indwano yarabandanije aho Joseph yakomeretse ku gutwi kw'ibubamfu,mu gihe

uwo barwana nawe yakomeretse mu ruhanga.

Kubwo intahe nyinshi,abagenzi b'umubanyi baragiye hagati,berekana gushaka kubanguranya, ariko barakubise cane Joseph,bamusiga ari intere,banamutuka kandi bamutera ubwoba ko no kwicwa yokwicwa,bafatiye ko ari mu bwoko bw'abatutsi, iyo hataba abaporisi bahaserutse, yari kuba yiciwe aho nyene.

Inyuma y'iryo bara,Joseph yajanywe n'igiporisi ku kigo c'ubuzima ca Muyange, kiri muri zone ya Rusabagi. Inyuma gato,inyamiramabi yategetse kumuhagarika. Ygirizwa gukomeretsa umubanyi wiwe,Joseph yabaje gupfungirwa mu gasho k'igiporisi ca zo zona Rusabagi imbere yo kurungikwa,kuwa 31 Mukakaro mw'ibohero rya komisariya y'igiporisi mu ntara mu Rumonge.Amagara atera asubira inyuma, igiporisi categetse ku mujana ku bitaro vyo mu Rumonge,aho nubu agicungerewe n'igiporisi. Abamwegereye bafata iyo ngingo nkiyidatunganye,banegura ko abagirizwa kumukubagura bidegemvya,mu gihe Joseph yarapfunzwe. Basaba amatohoza adahengamyekugira ngo ubutungane buje ahabona,kugira ngo abakoze ico caha bamenyekane,kandi,baagiriwe n'icaha bahanwe hakurikijwe amategeko.



Uwo uri wese ubahirizwa

1.3. UMWIHEZO WUBUTUNGANE

Ababa muri kirindiro c'abateshejwe izabo muri 1993 muri komine Mutaho mu ntara ya Gitega mu makenga

Kuva kuwa 4 Myandagaro 2026, ababa mu kirindiro ry'abateshejwe izabo b'i Mutaho, kiri muri zone Mutaho yo muri komine Bugendana, mu ntara ya Gitega, bamenyesha ko bafise amakenga inyuma y'inama yabere mu kirindiro.

Kubwo amasoko yaho, abahaba baheruka kwumva ibihuha bivuga ko bashobora kwirukanwa aho baba. Ariko, ayo makenga yoba yongerekanye inyuma y'inama yo kuwa 4 Myandagaro 2026, aho abahaba bemeza ko batatumiwe.

N'ubundi kubwo ayo masoko nyene, Ciza Melchiade, musitanteri wa komine Bugendana, ari kumwe na

Niyonkuru Moïse, arongoye zone ya Mutaho, hamwe n'indongozi zaho zo mu mugambwe CNDD-FDD, baragenduye ikirindiro bategeka guhagarika inyubako zose hamwe n'ibikorwa biriko birakorwa. Ababa muri ico kirindiro baronse kandi itegeko ryo gusubira ku mitumba bava ko baravye ko umutekano ubibemerera kuhaba.

Vyongeye, abantu babajijwe bamenyesheje kandi ko atamwanya n'umwe wo gushikiriza ivyiyumviro baronse muri iyo nama, kandi bemeza ko atakintu na kimwe cerekeye kazoza kabo baronse canke ingingo mperekeza zizobafasha.

Ibintu biraje ishingira mu mwonga wo mu Kanyaru muri komine Kirundo .

Mu karere ka Mugendo, kari mu mwonga wa Kanyaru, izwi nka zone y'ishamba c'imeza. Ababa impande yaho hantu bashikiriza amakenga bafise ku bintu vyabaye muri iryo shamba. Rimwe na rimwe, bumva urwamo mw'ijoro rw'abantu bakubagurwa. Icabaye giteye amakengancabaye kuwa 2 Myandagaro 2026, aho abasore 2 bava mu Rwanda bafatwa n'Imbonerakure.

Kw'itegeko ry'umuhari w'imbonerakure zirongowe na Félix, abasore 2 barafashwe hanyuma bashirwa mw'ishamba. Biboneka gutyo ko boba barishwe hanyuma bagahambwa muri ako karere. Bizimana Pascal,

umunywanyi wa CNL kandi akaba n'umunywanyi wa CECI Kirundo muri 2020, yari yagiriye ko yanka ingingo zimwe zimwe muri CECI, yarabuze irengero kuwa muri Myandagaro 2020. Ibihuha vyarakwiragiye kuri iyo nkuru, havugwa ko yoba yaranijwe hanyuma agahambwa ahonyene. Mu ntumbero yo kumushimira, Felix baciye bamuha icicarwo arimwo. Abanyagihugu bafise ubwoba ko hashobora kugaruka ivyo bintu vyo mu minsi iheze.

Urwaruka rw'umugambwe CNDD-FDD rubangamiye abanyagihugu muri komine Cankuzo.

Muri komine Cankuzo, ku mutumba Nyamparahara, urwaruka rw'Imbonerakure babonye bagirizwa guhonyanga agateka ka zina muntu, mu kwemera gukora akazi atari akabo, mukurondera gusubirira abajejwe umutekano. Kw'isonga ry'abagirizwa hari Jean Marie NKESHIMANA, umugabo yakozwe n'ububisha bw'urwo rwaruka kubera amatati yo mu muryango harimwo mugore wiwe, Ruminata. Yashegeshwe n'ukwikeka ko umugore aja mu bandi bagabo, ivyatumye haba ugushamirana bituma haba amabi.

Hari kuwa gatanu, hanyuma icuka kiribonekeza igihe umugwi urongowe n'uwitwa Janvier, arongoye Imbonerakure ngaho nyene, wivanga muri ayo matati. Arikumwe n'abagenzi biwe Jules na Célestin, yahatiye Jean Marie gupfukama imbere y'abana biwe, ikintu atakindi kigamiye atari ukumusuzuguzwa bitagira izina. Imishwano yakurikiye yarikaze cane, urwaruka bamwagiriza ko yahungabanije umutekano. Naho akamo k'ababanyu, basaba ko urwo rubanza ruraba gusa abacamanza, Imbonerakure ziciye amatwi. Nk'igihano,

bafashe ingingo yo kwaka Jean Marie ni ihadabu ry'umurengera ry'mahera angana 50.000 francs.

Ariko akabi kabishe ntigahagarariraho. Muri iyo komine nyene, ku mutumba wa Muyaga, kuwa kane igenekerezo rya 6 Myandagaro 2026, ukwinjira ingoro y'umugambwe k ku mutumba kwafashe iyindi ntumbero. Jérémie HABONIMANA, Arongoye umugambwe CNDD-FDD, yategetse abahaba bose kugura udupira bw'umugambwe bazokwambara mu minsi mikuri-shirt. Iryo tegeko, ryatanze atatumwe avuyemwo baba abanywanyi n'abatari abanywanyi, ryabonywe n'abatavugaga rumwe mu vya poritike nk'ihonyagwa ry'agateka ka zina muntu hamwe no kwishira no kwizana. Gutyo, igikorwa cose, itegeko ryose, bisa n'ibivanze kuburyo uburenganzira bwa zina muntu bwasa n'ububangamiye kandi aho icuka kitahengeshanya gukwiragira muri ako karere gasanzwe gakomerewe.

I.4. UMWIHWEZO W'INTWARO

Intererano ku gahato y'abanyagihugu muri komine Kirundo mu ntara ya Butanyerera

Abanyagihugu bo muri komine Kirundo bahatwe gutanga intererano birenze urugero. Umugambe uri ku butegetsi CNDD-FDD usaba urugo rwose gutanga intereroku kwezi ku kwezi y'amahera angana 200Fbu,1000fbu ku mukazi wa Reta hamwe na 3000fbu ku barongoye abandi mu kazi kandi ivyo mu ntumbero yo gutegura amatora yo muri 2027. Bose bahamagariwe gutanga iyo ntererano. Uwanse,bamwita "Igipinga" kandi bakamutera ubwoba.Abegeranya izo ntererano "Imbonerakure" babwira ku bantu banse guterera ko bazobihorera. Ku bwo ubwoba,imiriyoni y'amahera yegeranijwe kandi atacisunzwe,bidafise iyo ija n'iyi biva kandi bidafatiye ku bukene buhanze abanyagihugu. Ivyo vyari ibisanzwe,musitanteri wa komine Kirundo Ir Ndikuriyo Jean Berchmans nawe

nyene yarakomeje umugambi. Ategura iyegeranywa ry'intererano ry'inyubako y'ikibuga ca Bushaza. Ntanumwe azi amahera yategekanijwe kuri iyo ntererano.Ubwa mbere,urugo rwatanga 1000fbu. Incuro ya kabiri iraje,imice itandukanye bazoterera bivanye n'ico binjiza aho n'amasengero azotanga amahera angana 500,000fbu n'amabanki1,000,000fbu. Intwari zo ku mugina barikumwe n'indongozi z'umugambwe CNDD-FDD muri komine Kirundo yaserukiwe na Habimana Tite yashize mu ntoki abanyagihugu avukamwo.Abanyagihugu basaba insiguro ariko barayibura.

Intererano z'agahato muri komine Muramvya mu ntara ya Gitega

Kuva kuwa 2 Myandagaro 2026, abarongoye Imbonerakure muri zone na komine Muramvya, mu ntara ya Gitega, bazunguruka amakaratiye hamwe n'amazu yo ku mugwa mukuru wa komine.Begeranya amahera ku bantu mu ntumbero yo kubandanya urwubako rw'ingoro y'umugambwe CNDD-FDD muri komine. Gutyo,urugo rwose rutegerezwa gutanga amahera5.000fbu,inzu y'ubudandarizo yose itegereza n'ubunywero bategerezwa gutanga 20.000 FBu,mu gihe inzu nini z'ubudandarizo hamwe n'ububiko bw'

inzoga za BRARUDI zitegerezwa guterera ku rugezo rwazo amahera angana 50.000 FBu. Umuntu wese yanse guterera yisanga ategerezwa gusaba indongozi kubwo ibishikirizwa n'imbonerakure. Twobamenyesha ko ivyo biba imbere y'indongozi. Ku rundi ruhande nta rupapuro na rumwe rwewekana izo ntererano rwatanzwe, kandi birakenewe kumenya ko ivyo biraba abanyagihugu,harimwo abatari mu mugambwe CNDD-FDD.



Uwo uri wese ubahirizwa

II.1. UBURENGANZIRA KU BUZIMA

II.1.1. UBWICANYI BWATEGUWE

II. 1.1.1. ABANTUNBISHWE N'ABANTU BATAMENYEKANYE

Abantu 2 bishwe n'abandi 3 bakomeretse mu muryango umwe i Karuzi mu ntara ya Gitega.

Umuryango warafunditse mu gitero c'igisasu ntezwantoke catewe mw'ijoro ryo kuwa mbere igenekerezo rya 3 Myandagaro 2026 ku mutumba Nyagoba,muri komine ya Karusi,mu ntara ya Gitega. Uwurongoye umuryango n'umuhungu wiwe biciwe aho nyene,mu gihe umugore wiwe n'abakobwa 2 bakomeretse cane.

Ku bwo ivyabona,ico gitero cabaye hafi y'isaha zitatu z'ijoro. Abantu batamenyekanye bateye igisasu ntezwa ntoka muhira kwa Blaise Riyazimana, mu gihe umuryango wose bari hamwe bariko barafungura mw'ijoro.

Serugo, Blaise Riyazimana, n'umuhungu wiwe Noël Gakizakimana bateye bapfa ubwo nyene.

Amakuru yemejwe na Anaclet Ndihekubwayo, uwatowe

kuri uyo mutumba Nyagoba. Avuga ko umugore w'uwo yapfuye Aline Murekerisoni, hamwe n'abana babo 2 b'abakobwa,Jeanine Yihamashi na Bénigne Niyonkuru, barakomeretse cane. Abo bakomeretse babanje kubashikana ku bitaro vya Natwe Turashoboye vy'i Karusi.Nyina w'abana n'umwana muto yitwa Bénigne bari mu bitaro kuri iryo vuriro mugihe Jeanine yarungitswe ku bitaro vyitiriwe umwami Khaled vy'i Bujumbura.

Imvo z'ico gitero ntiziramenyekana kandi nta nzira n'imwe yo kuronderamwo kandi amakuru yegeranijwe ku mutumba Nyagoba i yerekanako ata n'umwe yikekwa arahagarikwa.

Abahaba basaba ko amatohoza yimbitse yotangura kugira ngo abakoze iryo bara barengutswe imbere y'ubutungane.

II.1.1.2. IBIZIGA VYATOWE

Ikiziga c'umuntu atamenyekanye catowe ku murwa mukuru wa komine Kayanza mu ntara ya Butanyerera

Inkuru yashikiriye umuhari Iteka, kuwa 3 Myandagaro 2026, imenyeshako kuwa 2 Myandagaro 2026, ikiziga c'umuntu atamenyekanye catowe mu mwonga wo ku mutumba Kirema (mu muji wa Kayanza) uri iruhande y'ingoro y'umugambwe uri ku butegetsi muri komine Kayanza. Ico kiziga cabonywe hafi igihe c'isaha 8 n'umugore yari avuye gusenga kuri paruwase Kirisu umwami.Uwo mugore yaciye atabaza abakozi ba Croix-Rouge (Ibiro vyabo birahegereye).

Abakozi ba croix rouge barafashije kandi barabonye ko ikiziga cacumiswe mw'izosi mw'ijoro ryo kuwa 2 Myandagaro 2026.Muri iki gihe c'ubufasha,abantu benshi barabona.Muri abo bantu,bamwe bikeka ko uwo muntu yaba mu gisagara ca Kayanzamuri karatiye bita chez Bwandimari,ariko nta numwe yashoboye gutora izina ryiwe.Ikiziga caciye gitwagwa mu buruhukiro bw'ibitaro bikuru Kayanza. Amatohoza ariko akorwa.

Ikiziga c'umugabo yavuyeTanzaniya catowe,akabi kabishe kavyura urwikeko ku ruhererekane rw'ubusuma ku rubibe mu ntara ya Burunga

Emmanuel Bukuru,afise imyaka 48 ,yatowe kuwa 06 Myandagaro 2026 mw'ishamba rya Muvumu zone Butezi, komine Musongati intara Burunga, yapfuye

haciye indwi abuzwe irengero.Yari avuye muri Tanzaniya, aho yarondera ibiraka nk'abarundi benshi.Naho mu ntwaro bashira imbere ko ari

II.1. uburenganzira ku buzima (Ibikurikira urupapuro10)

ubwicanyi,ako kaga kerekana ingorane z'ubusuma n'ubunyonyezi bikorerwa abajabuka urubibe.Abaporisi benshihamwe n'abatware baho bararengukijwe muri iyi myaka ku bunyonyezi, bikagwiza amakenga.

Bukuru avuka ku mutumba Butezi kandi yatashe kuwa 30 Mukakaro. Aciye kuraba abavyeyi biwe,yatera aja muhira ku Rubaho,ariko yanyikiye mw'ibarabara. Umuryango wiwe waranyarutse gutangura kurondera, ikiziga ciwe gica kiratorwa mu gashamba,kiboshe mw'izosi n'umugozi.Ibihimba vy'umubiri bimwe bimwe vyari vyariwe n'imbwa,kandi ikiziga cariko kirabora gica kirahambwa kuwa 7 Myandagaro 2026 hari abarongozi bo mu ntwaro.Umuryango wiyumvira ko yari yanizwe imbere yo gutabwa kugira vyitwe ko ari ukwiyahura.

Abarongozi bavuga ko yoba yishwe kubera amahera

yiwe ,kubera ubutunzi bwiwe bwari bwanyitse.Ako kaga si iryambere gashika :buri mwaka ,abarundi benshi baragaruka bavuye muri Tanzaniya bagaca bahitanwa n'ubutunzi bwabo.Ababa mu makomine ahana urubibe na Tanzaniya bavuga ivyo bigwiriye ku mabarabara abo bakozi bacamwo.Bamwe bagiriza abatware baho ko bakorana n'imigwi kugira banyonyeze ingenzi.Ivyo biba mu gihe ubunyonyezi bwagirizwa abajejwe umutekano hamwe n'abatware. Abajejwe umutekano benshi barahagaritswe canke barakurikiranwa kubera gukoresha ububasha bafise,ba,basaba abanyagihugu kwongereza umutekano.

Urupfu rwa Emmanuel Bukururuteye amakenga ku mutekano w'abarundi bataha bavuye Tanzaniya. Abahaba basaba amatohoza yimbitse kugira hamenyekane abakora ayo mabi no gucungera neza inzira z'abicanyi bakorera ku nkengera z'urubibe.

Ikiziga catowe i Gishubi mu ntara ya Gitega

Hari kuwa gatatu kuwa 5 Myandagaro 2026 ku mutumba Gasongati,muri komine Gishubi,ikiziga ca Alexis Nduwimana, w'imyaka 37 ,se w'abana 2 kandi akaba umufundi w'indimo muri zone Kibuye, yatowe ikiziga iwe aboshe n'ikiziriko mw'izosi.

Édouard Bizimana, umukuru w'umutumba Gasongati, yamaeza ayo makuru,kandi yirengagiza imvo z'ubwo bwicanyi. Yavuzeko yiyahuye kubera yarozwe ariko abanyagihugu bariyamiriza iyo mvo kandi basaba ko

amatohoza yimbitse kandi yigenga. Abo banyagihugu bavuga ko uwo muhisi yoba yishwe imbere yuko azanwa iwe kugira ngo bahishe abakoze iryo bara kubera bavugako amatati y'amatongo yoba ari inyuma y'ubwobwicanyi.Ku boo indongozi zaho, ikiziga cajanwe ku bitaro vy'umwizero vy'i Kibuye.

Ikiziga catowe i Rukoba muri komine n'intara ya Gitega.

Kuwa gatatu,igenekerezo rya 5 Myandagaro 2026,ikiziga catowe i Rukoba muri komine n'intara ya Gitega ;ni uwitwa Ephrem Tuyikeze w'imyaka39.

Ku bwo amakuru yatororokanijwe ku ndongozi z'umutumba Rukoba,Georges Ishoboravyose,uwo mugabo

yoba yapfuye kubera indwara yiwe y'intandara ,amakuru yiyamirizwa cane n'abanyagihugu b'i Rukoba basaba amatohoza yigenga kugira imvo z'urwo rupfu zije ahabona.

Ikiziga c'umugore catowe muri komine n'intara ya Gitega

Kuwa 30 Mukakaro 2026,hafi y'isaha cumi na zibiri n'igice z'umugoroba,ku mutumba Rubamvyi, muri zone Rutegama, muri komine n'intara ya Gitega, ikiziga c'umugore atamenyekanye caratowe mu gashamba kari ku musozi CENE n'abantu bariko barasenywa.

Ku bwo isoko ryacu ryari aho vyabereye,umuhisi yari gusa kandi impuzu ziwe hamwe n'ibirato vyivevyari

nko ku metero 10 z'ikiziga.

Inyuma yo kuraba ivyabaye,inyamiramabi,umukuru wa zone,umukuru w'umutumba hamwe n'abaporisi bajejwe gukinganimpanuka bibajije ko umuhisi yoba yarafashwe ku nguvu imbere yo kwicwa,uravye ibikomere vyinshi vyibonekeza kw'izosi hamwe no kungitsina,ndetse n'agahuzu ko munsu kari

II.1. UBURENGANZIRA KU BUZIMA (ibikurikira urupapuro 11)

katabutse.Yashinguwe bukeyebwaho kw' n'igiporisi kuko ikiziga caricamaze itegeko ry'indongozi zo mu ntwaro hamwe gutangura kwononekarara.

Ikiziga c'umugabo catowe muri komine Gishubi mu ntara ya Gitega.

Mu gitondo co kuwa 6 Myandagaro 2026, ku mutumba Gasongati,muri zone ya Kibuye, muri komine Gishubi, mu ntara ya province Gitega, ikiziga c'a Ndumana Alexis,w'imyaka 37 kandi akora nk'umufundi w'indimo muri zone Kibuye,yatowe ikiziga muhira iwe. Umugozi,uriko ipfundo,watowe impande y'ikiziga.

Ku bwo amasoko yacu abizi neza, ni umugore wiwe Habonimana Yvette,yatabaje Bizimana Edouard,umukuru w'umutumba Gasongati, hamwe na Vyasuka Gérard, inyamiramabi yo muri zone Kibuye. Hamenyekanye kandi ko imvo z'urwo rupfu ziteye amakenga

menshi.Ababanyi bashikiriza ukudatahura ukuntu ikiziga coshobora uturwa kiryanye hasi,mu gihe umugore w'umuhisi yarazi ko umugabo wiwe yasohotse mw'ijoro ntiyigere agaruka,atanuko abimenyesheje ababanyi, Twomenya ko umuhisi yarafise kandi amatati y'amatongo n'abo mu muryango wiwe ndetse n'amatati ya be n'umugore. Ku bwo itegeko ry'indongozi zibijejwe,ikiziga cajanwe mu buruhukiro rw'ibitaro vya Kibuye. Abahaba berekanya ugutangara kubona atanumwe yahagaritswe kubwo amatohoza kandi ntibemera ko kwoba ari ukwiyahura,bafata ko umuhisi yoba yarishwe.

Ikiziga c'umugabo catowe i Bitare murikomine Bugendana

Mw'ijoro ryo kuwa gatandatu,igenekerezo ryo kuwa kuwa 7 gushika kuwa 8 Myandagaro 2026,ku mutumba Carire, muri zone Bitare,muri komine Bugendana, mu ntara ya Gitega,Nahimana Longin,w'imyaka 56 ,yatowe ikiziga ,yaciwe izosi.

Ikiziga catowe mu gatondo ka kare kuwa gatandatu igenekerezo rya 08 Myandagaro n'abantu bagiye ku kazi. Ikiziga cari impande y'ibarabara,hafi y'muhira iwe.

Ku bw'isoko ryacu ryaho,abantu 3, Salvator, Cyriaque na Mufyiri, bose barongoye Imbonerakure ku mutumba,bahagaritswe mu ntumbero y'amatohoza.Umugore w'umuhisi

yoba yaramenyeshije inyamiramabi,ishitse aho hari ikiziga, ko abo bantu boba ubwa mbere barakubagura umugabo wiwe,bamwagiriza kubabuza kwiba hamwe no gutera ubwoba abantu batari mu mugambwe wa Cndd-Fdd.Nibitanga David, arongoye zone Bitare,na Mvuyekure Suavis bamenyesheje ko amatohoza yari yatanguye kugira hamenyekane abicanyi hamwe no kumenya imvo nyazo z'urwo rupfu.

Tubamenyeshe ko yari umunywany akomeye mu mugambwe Cndd-Fdd. Yarabaye kandi umukuru w'umutumba kuwa 2010 gushika 2025.

Ikiziga c'umugabo catowe muri komine Rumonge mu ntara ya Bujumbura.

Umusore yitwa Niyonsenga Ezéchiel w'imyaka 24 wo ku gacimbiri ka Buriba ku mutumba Rumonyi muri zone Mariza muri komine Rumonge yariyahuye mw'ijoro ryo kuwa mbere rishira kuwa kabiri kubwo umukuru wa zone Mariza. Yiyahuye akoresheje umugozi mu nzu. Imvo zatumye yiyahura ntiziramenyekana.

Umuryango wiwe usaba igiporisi hamwe n'indongozi gukora amatohoza yimbitse kugira hamenyekane imvo z'urwo rupfu kuko kubw'awo;hariho ubwicanyi begeka ku kwiyahura. Inyamiramabi zarishikiye aho vyabereye kugira barabe ivyabaye. Igiporisi kivuga ko catanguye amatohoza

II.1.1.3. ABANTU BISHWE KUMVO ZO KWIHORA

Umugabo yishwe n'igisasu ntezwa ntoke umugore wiwe arakomereka muri komine Busoni mu ntara ya Butanyerera

Uwitwa Misago Anicet, w'imyaka 67, aba ku mutumba Mugongo mukarere ka Bucamihigo yo muri zone Kimeza, muri komine Busoni, yo mu ntara ya Butanyere, yarafuye kubera igisasu ntezwantoke yaturitse. Amakuru twaronse kuri uwo mutumba, yemezwa n'umukuru wa zone Kimeza, Melchiade Rukoba, amenyesha ko ico gitero cabaye hafi

y'isaha imwe n'igice kuwa gatatu igenekerezo rya 5 Myandagaro 2026, ku rugo rw'umuhisi, aho umugoore wiwe yakomerekeye cane. Urwikeko rw'uburozi hamwe n'amatati ajanye n'amatongo yoba ariyo ntandaro y'ubwo bwicanyi, vyatumye hahagarikwa abantu 11 ku mvo z'amatohoza.

II.2. UBURENGANZIRA BWO KUDAHOTERWA KU MUBIRI

II.2.1. AMABI YO MU NZU AFATIYE KU GITSINA

Umugore yishwe n'umugabo wiwe muri komine Ngozi mu ntara ya Butanyerera

Kuwa 08 Myandagaro 2026 mw'ijoro hafi isaha zitatu n'igice z'ijoro ku gacimbiri Rugega, ku mutumba Kinyovu, muri zone Nyamurenza, muri komine Ngozi mu ntara nshasha ya Butanyerera, umugabo yitwa HAKIZIMANA Peter, w'imyaka 61 yarishe umugore wiwe akoresheje ubuhiri. Kubw'amakuru yatororokanijwe ahonyene, umwicanyi aremera ko ariwe yakoze iryo bara kandi yemera ko umuhisi yari

itungane kuk ntamatati yari hagati yabo.

N'ubu kubw'iryo soko nyene, umuhisi yitwa MIBURO Steria, w'imyaka 42, aya muri iyo komine nyene ya Ngozi.

Tumenye ko umugabo yarahejeje kumara indwi muhira inyuma y'amezi 8 yarataye urugo. Yaciye ashirwa mu gasho kandi ubu arapfunzwe.

Umuhari Iteka uranegura wivuye inyuma itituka ry'agateka ka zina muntu ribandanya kwibonekeza mu Burundi kandi uriyamiriza kudahana abakoze amabi. Uhamagarira abatwara Uburundi gufata ingingo zose zishoboka kandi usaba ibi bikurikira:

Kuri Reta y'Uburundi :

1. Gukora amatohoza y'ubutungane ku mugaragaro intambwe kuyindi iyo hatowe ikiziga;
2. Guha uburenganzira imiryango yabuze bwo kwitura ubutungane hamwe no kuronswa ivyegeranyo vy'igipimo kiraba icatumye uwabo apfa, imbere yo gushingura uwabo.
3. Gufata ingingo zo gusezerera ukudahana amabi hamwe no guhasha abagirwa n'ihonyangwa ry'agateka ka zina muntu bakishura ivyaha vyabo;
4. Mu gihe amatora yimirije, Reta itegerezwa kwubahiriza uburenganzira nshingiro mu kworohereza uburenganzira bwo kugira inama ku banywanyi bose b'imigambwe.



Uwo uri wese ubahirizwa

Urupapuro 13